ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№108 (23.016) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 10, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бззэрхэм я лэжьакIэр хабзэм къигъэувхэм щытемыхуэ къохъу

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкiэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумкiэ и комитетым зыхуэфащэ Iэнатiэхэм я лыкIуэхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIуащIэм щытепсэлъыхьащ республикэм щыIэ бззэрхэм хабзэм къигъэувхэр зэрыщагъэзащIэм.



КОМИТЕТым и унафэщI Iэпщэ Заур къызэхуэсахэр къыхуриджащ зэIухауэ икIи нехьэкI-къехьэкI хэмылъу Iуэхум и щытыкIэр зэпкърахыну, а Iэнатiэм щыIэныкъусаныгъэхэр къызэнэкIыныкмкIэ зэфIэгъэкIын хуейхэм егупсысыну.

Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий къигъэлъэгъуащ сатум диГащIэм щиIэ мыхьэнэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэр, бззэрхэм я лэжьакIэм экономикэм и щытыкIэри цIыхухэм я псэукIэри куэдкIэ зэрелъытар.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ Бирюк Александр и докладым щыгъэпкърихащ КъБР-м и щыналъэм щыIэ бззэрхэм я Iуэху зыIутыр икIи абыхэм хьарзынэу зэрызаужьыр, сату щIыпIэхэр нэхъыбэ зэрыхъур, Iуэхутхьэбзэхэм я куэдгъэми фIагъми зэрыхэхъуэр къигъэлъэгъуащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, министрым и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, мы Iэнатiэм щыIэ Iуэхуэр зэблэзыгъэкI федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуа мардэ щхьэхуэхэр иджыри ягъэзащIэркъым. Псом япэу Iэпэдэгъэлэл ящI административнэ тезыр зыпымыщIа мардэхэр гъэзэщIэныр. Къапщтэмэ, сату щIыпIэхэр бзджэнду зэрратым теухуа зэгурыIуэныгъэхэр язныкъуэ бззэрхэм щатхыркъым, апхуэдэу а зэгурыIуэныгъэхэр КъБР-м и Правительствэм къищта типовой мардэхэм къыщимытIасэ щыIэщ.

Бззэрхэм зэдыщIэкIыу хъыбарегъащIэ стендэхэр яIэщ, ауэ ахэр къуэгъэнапIэхэм дежи щыщагъэуви ахэр зыхуейхуэзэу щызэрамыхьи щыIэщ. Апхуэдэу ди бззэрхэм къыщыгъуэтыгъуейщ я цIэ-унэцIэхэр зытетха бгъэхэIуэхэр зыхэлъ сатущIэхэр.

Сыт щыгъуи хуэдэу иджыри кърадзэрхъым сату щIыпIэхэр бзджэнду зэратым теухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэратх хабзэм къигъэувхэр. Абы ипкъ иткIэ бззэрыр зезыхьэ компаниеи и унафэщIым зыхуэфащэ унафэ къыдигъэкIын хуейщ сату щIыпIэр цIыху пыухыкIам зэрырагъэбыдылIэм е абы и лъэIур хуащIэн хуэмейуэ къызэралъытэм теухуауэ. Бирюк Александр зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ ныкъусаныгъэм и зэранкIэ къахуэмыпщытэу къонэ сату щIыпIэхэр бзджэнду тыным и лъэныкъуэкIэ щыIэ мыхъумыщIагъэхэм я бжыгъэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн муниципальнэ районым и Бахъсэнёнкэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм иужь дыдэу псэущхьэм хьащхьрыIуэ уз къыззрыщеуалIэрэ махуэ 60 зэрыблэкIам къыхэкIыу къыдо имыIэжу къэлъытэн «Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Бахъсэнёнкэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъакIа Унафэ №30-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м
№52-РГ

Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн къалэ округым хиубыдэу унагъуэ псэущхьэхэм хьащхьрыIуэ уз къеуэлIауэ наIуэ къызэращIам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iэхуэкiэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тетуикIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэм и унафэщIым 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 2-м №39/УВ-360-м щIэту къигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хьащхьрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Хьумакlуэхэм я цIэкIэ щыIэ уэрамым, Шыкуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым, ПащIэмрэ Беслъэнейм я цIэхэр зезыхьэ уэрам дыхьэхьэм я къуэрыкIи къыхэкIыу мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 и пIалъэу.

2. Карантиным и зэманым мы Унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, ирашыну, апхуэдэу а щIыналъэм къриубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр щащэну е къыщащэхуну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ администрацэмрэ хьащхьрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдыныкIэ лэжьыпхъэхэр зэхалъхьэу ягъэзащIэну яхуэгъэувын.

4. Мы Унафэм къару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№54-РГ

Тэрч районым щыщ Тэрч къалэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Тэрч районым щыщ Тэрч къалэм хиубыдэу унагъуэ псэущхьэхэм хьащхьрыIуэ уз къеуэлIауэ наIуэ къызэращIам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iэхуэкiэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэм и унафэщIым 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м №39/УВ-360-м щIэту къигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хьащхьрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Тэрч районым щыщ Тэрч къалэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Кировым, Щоджэнцыкiым, Пушкиным я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм, Заводской дэкIыпIэм я къуэхым къриубыдэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 и пIалъэу.

2. Карантиным и зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, ирашыну, апхуэдэу а щIыналъэм къриубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр щащэну е къыщащэхуну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкiэ и управленэмрэ Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэмрэ хьащхьрыIуэ узым и къежьапIэр гъэкIуэдыныкIэ лэжьыпхъэхэр зэхалъхьэу ягъэзащIэну яхуэгъэувын.

4. Мы унафэм къару егъэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№55-РГ

Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным нэхъыщхьэ щыIэ?

СНГ-м хэт къаралхэм я Парламент Ассоциацэм, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкiэ и Советым я жэрдэмкIэ Санкт-Петербург щыгъэкIуэкIа VII Невскэ экологие конгрессыр тегъуэгъуэ щытащ дыкъэзыухъуреихь дунейм щынагъуэ къытемыгъэхьэным.

Ар зэрекIуэкIам топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу абы хэта, республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, щIы Iуэхуэхэмкiэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Мы зэхьыхьэм къаралэ 32-м къикIауэ щIыху 1672-рэ хэтащ. Апхуэдэу абы кърихьэлIащ властым и федеральнэ, щIыналъэ органэм, щIэныгъэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр. Конгрессыр зыхуагъэпсар экологиер хъумэным хуэгъэзауэ къэралхэр зэрызэдэлажьэр гъэбыдэныр, щIыхумрэ щIыуэпсымрэ я зэхуэщытыкIэхэр зэблэзыгъэкI хабзэ мардэу къэралхэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэр Iэмал зэриIэкIэ зэпэгъунэгъу щIынырц.

Конгрессыр зыкъэзыIуихащ СНГ-м хэт къаралхэм я Парламент Асамблеем и Советым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкiэ и Советым и унафэщI Матвиенкэ Валентинэ. Ар УФ-м и Президент Путин Владимир зэIущIэм хэтхэм яхуигъэхьа хъуэхъум къеджащ.

Пленар зэIущIэм докладхэр щащIащ Урысей Федерацэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Донской Сергей, Санкт-Петербург и губернатор Полтавченкэ Георгий сымэ. Апхуэдэу абы къыщыпсэлъащ нэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуи 10, ди къэралым щыщу цIыхуи 10.

Конгрессым къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ къащта резолюцэм къыщагъэлъэгъуащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпынымкIэ къэралхэм зэмылIэужьыгъуэхэм щызэфIагъэкIахэр, адэкIэ зэлэжьын хуейуэ щыIэ къалэнхэр.

ЗэIущIэм хэтахэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ Таврическэ хадэм жыг 70 щыхасащ.

* * *

Ди республикэм и цIэкIэ конгрессым апхуэдэу щыIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкiэ и Советым хэт Ульбашев Мухьэрбий.

Урысейм и европэ Iыхьэм и ипщэ лъэныкъуэм дунейм зэрызыщихьэжьым теухуауэ Къуршэм я геофизикэ институтым къихутахэр, Париж щекIуэкIа дунейпсо конференцым къыщаIэта Iуэхуэхэр и лъабжьэу «Дунейм зэрызихъуэжьым къыхэкIыу Лъэпкъ зэкъуэтхэм я организацэм и зэгурыIуэныгъэщIэ гъэхъэзырыным Урысейр зэрыхэтыр» докладыр абы Щхьэгъэпсо Сэфарбий щищIащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

Республикэм исхэмрэ ди хьэщIэхэмрэ гу зылъатапхъэ

2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм дежи щызэхохьэ Урысейм и Махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэщ «Си республикэ, си Урысей» республикэ фестивалыр. Абы хиубыдэу КъБР-м и эстрадэм и артист нэхъыфIхэр, творческэ гупхэр зыхэт концерт ягъэлъэгъуэнущ, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ сабийхэм ящIа сурэтхэм я выставкэ къызэIуахынущ, гъуэзджэм и Iэнатiэ зэмылIэужьыгъуэхэм хиубыдэ дерсхэр иригъэкIыкIынущ.

Фестивалым щыщIидзэнур сыхьэт 15.30-рщ.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым цIыхухэр къыхуреджэ гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр щекIуэкI зэманым сакъыну

Урысейм и Махуэр гъэлъэпIэным хиубыдэу иратегъэкIуэкIыну нэгузыжь Iуэхухэм хэтынухэр КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым къихуреджэ терроризмэм и Iуэхьэр къэмыгъэхъуныкмкIэ хабзэхэм тетыну, цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм, транспортым щысакъыну.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым цIыхухэм аргуэру зэ ягу къегъэкIыж терроризмэм и шынагъуэ къэмыгъэхъуныкмкIэ хабзэ нэхъыщхьэхэр:

- шэч гуэр щIэфщIын хъэпшIпхэм фрихьэлIамэ, гулъытэншэу фыблэмыкI. Къэвгъуэтам фемыIусэ, ар фымыгъэхъеI, сыту жыIэмэ, лагъыму къыщIэкIмэ, цIыху куэд хэкIуэдэнкIэ хъунущ. ЩIэпхъэджащIэхэм лагъым Iэрыщыжьэ хъурхьанэхэм щралъхьэ, къызэрыгуэкI хьэпшIыпIэм хуэдэу щызэкIуэдыгъэхьэ, уеблэмэ сабийхэр зэрыдджэгу хьэпшIпхэр къыщагъэсэбэп щыIэщ;

- гурыщхъуэ зыхуэфащI цIыхухэр щыIэмэ, фи транспортыр кIэлъыплъ щымыIэу зэман кIыхькIэ къэвмыгъанэ;

- апхуэдэ гурыщхъуэ щIэфщIын фрихьэлIамэ, хабзэхъумэ органхэм хъыбар евгъащIэ.

Хабзэхъумэ Iэнатiэхэм я телефонхэр:

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым – 48-15-48;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 48-15-81;

КъБР-м щыIэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;

УФ-м Следствиемкiэ и комитетым Следствиемкiэ и управленэу КъБР-м щыIэм - 77-64-22;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм - 39-99-99.

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Китайри яхохьэ

Тутыныр щэным, абы ефэным пэщIэува къэралхэм яхьихащ Китайри. Ар къэзыгъэгуавэри гурыIуэгъуэщ - иджыпсту а къэралым исщ тутынафэ мелуан 300-м нэблагъэ.

Мы мазэм къыщыщIэдзаэр тутын щрагъафэркъым Iэхуэщ IапIэхэм, шхапIэхэм, цIыхухэм зыззракIухь транспортым, апхуэдэуи сабий садхэмрэ медицинэ Iэхуэщ IапIэхэмрэ я Iэшэлъашэхэм.

ЦIыхухэм я узынщагъэр хъумэным хуэгъэпса а хабзэр къыззэпызыуд цIыхухэм къудыкуэ юань 200 (доллар 32-м щIигъу) ирагъэпшынынущ. Я дежи тутын щефэныр япэзымыуфыд ресторанхэм, нэгъуэщI шхапIэхэм я унафэщIхэм ятын хуей хъунущ юань минипщI (доллар мин1,6-рэ).

Къудыхэм нэмыщI, хабзэм къыщыгъэлъэгъуащ тутынхэкIэр еджапIэхэмрэ сабий садхэмрэ метрищэ нэхърэ нэхъ пэгъунэгъуу щащэну зэрыхуимытыр.

Доллар къыпыкIыну я мурадщ

Къэзахъстаныи и Правительствэм и мурадщ 2017 гъэм къыщыщIэдзаэу я къэралым США-м и долларыр къыщамыгъэсэбэпыну.

А Iэмалым щыхуекIуэр азыхэм я ахъшэ тенгем и пщIэм хагъэхъуэн папщIэ. А Iуэхум теухуауэ яубзыхуахэм къару ягъуэтмэ, я деж сату щыщащIкIэ, ящэхэм я уасэр долларкIэ къагъэлъагъуэуи апхуэдэ ахъшэ зэIэпахыуи ядэнукъым.

Къэзахъстаныр зыхьхьэну и мурад БРИКС зэгухьэныгъэм хэт адрей къэралхэри - Бразилиер, Урысей Федерацэр, Индиер, Китайр, Африкэ Ипщэ Республикэр – долларыр къамыгъэсэбэну сату зэдащIыным ыхьхуражьну я мурадщ абыхэм. «Америкэ долларым кIыпIкIа нэужь, а щIыналъэхэми я лъэпкъ ахъшэхэм я пщIэм хэхуэныи и мызакъуэу, я экономикэхэми а лъабжьэм зыдаужьынуц», - щыжаIащ Къззахъстаным и Правительствэм.

НОБЭ

♦Краснодар крайм щагъэлъапIэ архитекторым и махуэр

♦Молдавием и гъунапкъэхъумэхэм я махуэщ

♦Португалием и махуэщ

♦1774 гъэм Урысейм зэращыIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу къалъытащ.

♦1807 гъэм ягъэтIылъащ Ижевск Iэщэ заводым и лъабжьэр.

♦1921 гъэм къызэрагъэпэщащ Толстой Лев и «Ясная Поляна» музей-щIапIэр.

♦1936 гъэм «Союзмультфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ.

♦1940 гъэм Италиер ЕтIуанэ дунейпсо зауэм хыхьащ Германием и тельхьэу.

♦1955 гъэм Тырныауэрэ Докшукинэрэ къалэ хъуащ.

♦Сурэтыщ-график, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, «Нартхэр», «Ди деж къэса уэрэдхэр», «Къурш щхьэгухуэхэм я таурыхьхэр» тхылъхэр зыгъэщIэрэщIа **Глуховцев Александр** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Режиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ерчэн Леонид** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIаIуэ цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артистка **Зыкинэ Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КБКЪУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Инарокъуэ Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щыщ къэралъэжьаныгъэ, УФ-м щIыхуэм щIэныгъэ егъэзыгъэныкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Щэрджэс еджакъэшхуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор **Тамэ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦ТкаIуэ, 2013 гъэм МейкъуапI щекIуэкIа «Адыгэ пщащэ» дунейпсо зэпеуэм япэ вице-мисс щыхьэ **Щомахуэ Залинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 18 – 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

ЛЪэпкъ Iущыгъэ:

Фыз бзаджэ зиIэм и унэ умыкIуэ.

Псы Iуфэхэр къабзэмэ, псыри къабзэу щытынущ

Къэралым щокIуэкI «Ди псыхъуэхэмрэ гуэлхэм я Iуфэхэмрэ къабзэу зетхьэнщ» урысейпсо лэжьыгъэ.

Ар зытеухуар псы цIыкIухэм я Iуфэхэм щызэтрихьа кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщIэкъуэныгъ, цIыхухэм я экологие зэхэщIыкIыр къЭтэныныгъ. А Iуэхум хиубыдэу щIалэгъуалэ, экологие зэгухьэныгъэхэм я гъэцIэкIэ зэхэщIыкIэ, щIэныгъэ, къалэдэсхэм Налшык псыхъуэр ехыу ягъэзэкъбзащ. Апхуэдэ Iуэхур республикэм и адрей щIыналъэхэми къыщызэрагъэпэщри Шэджэм, Шэрэдж, Балъкъ, Бахъсэн, Аруан, Тэрч, Аргудан, Урыху, Лэскэн, Дзэлыкъуэ псыхэм я Iуфэхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ.

Хуабжьу я гуапэу мы жэрдэмыр щыдаIыгъащ КъБР-м ЩIыуэпсымрэ экологиемкIэ и министрствэм. Ди республикэм цIыкIуми инми псыуэ 2172-рэ щожэх абыхэм я кIыхьагъыр километр 5470-м ноблагъэ. Уегупсысжмэ, ар мылъкушхуэщ икIи тэмэму, къабзэлъабзэу зепхьэмэ, щIэблэкIэрэ ди цIыхухэм я гъащIэр иригъэфIакIуэу, игъэдахэу екIуэкIынущ.

ШАКЪ Заринэ.

Бззэрхэм я лэжьакІэр хабзэм къигъэувхэм щытемыхуэ къохъу

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Бззэрхэм кьедза щІыналъэу сату щащІ мыхъунухэр иджыри Іэхущ1апІэ тэмэму щагъэбелджылакъым. Апхуэдэу щэхуакІуэхэм продукцэм, хьэпшыпым я щытыкІэм, куэдагьыр, цасэр зыІахар къапцытэн папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр здэщымыІэ, ахэр метрологием и хабзэхэм тету кьыщыздэмыгъэпэща Іэхущ1апІэхэр мащІэкъым.

«КЬБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэм и вице-президент Гъэбэщ1ыкІ Жантемыр доклад зыщІам евпщІащ уней лъапсэхэм кьыщалэжь мэкъумэш продукцэр кьащэхун икІи ящэжьын папщІэ республикэм и жылагъуэхэм мэкъумэш потребительскэ кооперативхэр зыщыщІэгъэпэщыным теухуауэ илъэситІ ялэпкІэ Парламентым КЬБР-м и Правительствэм хэзгъэзауэ кьищта чэнджещэр гъэззщІа зэрыхъум теухуауэ. Щ1ыхуэхэм, псом хэмыдэу кьуажэдэсхэм, я Іэхуэр тэмэму дэгъэкІыныжкІэ кооперацэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр кьыхигъэщІри, Бирюк Александр быдэу жиІащ а лэжьыгъэр зэрырагъэжьар икІи иджыпсту лажьэ сату Іэхущ1апІэу 300 хуэдизым я щытыкІэр зэрыщІапщытыкІыр. Ар зэфІэкІа иужь, зэхалъхьэнущ кооперативхэм я Іэхуэ зезыхьэр егъэфІэкІуэныжкІэ лажьэпхъэхэм я планыр.

Бозий Натбий псынщІэу зэІыхьэ шхыныгъэхэм - шатэ, кхъуей, шэ, лы хуэдэхэр хэт дэнэ хуейми зэрыщищэр кьыхигъащІри, аращ и лъэныкъуэкІэ ялэжьыну я мурадхэм щІэупщІащ. Ауэ доклад зыщІам жиІащ а Іэхуэр административ кьуанщагъэу зэрыщытыр икІи ар кьызэпаудыну зи кьалэныр щІыналъэ администрацэхэмрэ бззэрхэр зезыхьэ компаниехэмрэ арауэ кьызэрилытэр.

Щ1ыхуэхэм я санитар-эпидемиологие шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныжкІэ УФ-м и законодательствэм кьигъэувэкъэ зэрагъэзащІэм тепсэлъыхьащ Щэхуакіуэхэм я хуитыныгъэхэм кьыщІэщыжьынымрэ щ1ыхум зэІузэпэщ псэуКІэр кьыхуэзгъэпэщыныжрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыпІпхьнымкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КЬБР-м щыІэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт нэхъыщхьэ Болуевэ Еленэ. Абы зэрыжиІамкІэ, планым тету е хэчьхьауэ кьэпщІытэныгъэхэр зэрыригъэжьэкІым кьыдэкІуэу, управленэм кьыззрегъэпэщ бззэрхэм я лэжьэкІэм теухуа законодательствэм ипкъ иткІэ сыт хуэдэ мыхъумыщІагъэми пыща жэуапльныгъэм бззэрхэр зезыхьэ компаниехэр щыгъуазэ щ1ынымкІэ зыхуэфащэ Іэухуэкъэр. Апхуэдэу бззэрхэм сату щ1ызыщІ щ1ыху щхьэхуэхэмрэ Іэухущ1апІэхэрэ я деж нагъэс щ1ыхуэм я санитар-эпидемиологие шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныжкІэ законодательствэм кьиІэуэхэр. Республикэм исхэр щІэх-щІэхьуРэ щ1ыгъазэ щІэ хьэпшыпхэмрэ ерыскьыпхъэхэмрэ кьэщІэжьнымкІэ, Іэхьутхьэбзэхэр кьегъэщІэнымкІэ езыхэм яІэ хуитынымгъэхэм, апхуэдэу сатум хухамыхьэ щ1ыпІэхэм ерыскьыхьэкІэр кьыщащ1ыу зэрымыхъунур.

Законодательствэр бззэрым щ1ылажьэхэм кьызэрызэпаудар кьыщІагъэща нэужь, адэкІэ зэфІэгъэкІхэм теухуауэ Гъэбэщ1ыкІ Жантемыр зыщІэупщІам и жэуапу Болуевэ Еленэ кьигъэлъэгъуащ сэтей кьащІа мыхъумыщІагъэхэр гъэззкІуэныжымкІэ тхьилъхэр зэратхьр, бззэрыр зезыхьэ компаниехэм я инафэщІэхэр административнэ жэуапым зэрырашалІэр, тхьилъым иратхауэ щ1ыта Іэухуэхэр зэрагъэззэщІар трагъэззэжкуэ кьизэрапщ1ытэр.

Налшык кьалэ округым и щ1ыналъэ администрацэм щэхуакІуэ ренокымкІэ, хьэрычэтыщІэхэм, апхуэдэу мэкъумэш Іэнатіэм защІэгъэкъуэнымкІэ и управленэм и унафощІ Гъуэ1ал Аслъэн депутатхэр куэдкІэ еупщІащ. Абыхэм ящІыщ зыщ Абхъазым и утым зыгъэпсэхупІэ махуэкэм кьыщыздэгъуащ сату щ1ыпІэхэр бззэрым зи продукцэр щ1ызыщэкэм езыхэм кьызэрызэрагъэпэщыжыр, ауэ абыхэм я лэжьыгъэм управленэм и лэжьакІуэхэр зэрыкІэлъыпІлыр. Депутатхэм абы гу лъаригъэтащ езыхэм кьрахьэлІа гъавэр, пхъэщхьэмыщхьэр, гъэшыр, лыр, кьиНэмыщІхэри зыщэкэм кьадэкІуэу, мыбы сондэджэрхэри кьакІуэу зэрыхуежьам. «Дэ иджыпсту дыхопльэ продукцэр кьащэхуурэ зыщэжьхэм сату зэращІам папщІэ ахъшэ кьеІыхьым», - жиІащ Гъуэ1ал Аслъэн.

Зэ1ущІам апхуэдэу кьыщалэтащ мэкъумэшхэкІхэр щащэ бззэрхэм я сату щ1ыпІэхэм ящ1ыщ процент 60 нэхърэ мынэхъ мащІэр езыхэм кьалэжьа ерыскьыпхъэхэр зыщІэхэм хухахьи хуейуэ законодательствэм кьигъэувыр зэрагъэзащІэр, апхуэдэу бдзжэнгу ят сату щ1ыпІэхэм я уасэр кьызэрІахьыр.

Зэ1ущІам щекІуэкІа псалъэмакъым япкъ иткІэ, депутатхэм кьащтащ КЬБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм, Щэхуакіуэхэм я хуитынгъэхэрэм щ1ыхум зэІузэпэщ псэуКІэ кьыхуэзгъэпэщыныжрэ кІэлъыпІлыныжкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КЬБР-м щыІэм яхуэгъэза чэнджещэр.

КЬБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэм къекІуалІэхэр куэд мэхъу

Сыжажэ Хьэсэн щІэх-щІэхьыурэ яхуозэ районым хиубыдэ жылагъуэхэм щыпсэухэм ящыщу я щхьэ Іуэхуэкіэ къыхуэкІуэхэм. Иджыблагъэ ар аргуэру щІыху 13-м яІущІащ икІи абыхэм я лъэІухэм хэпльащ. Япэхэми хуэдэу, иджыри щІыхуэхэр нэхъ зыгъэпІейтейхэм ящыщщ гъавэ щІапІэхэр бдджэнду зэратыр, федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу псэупІэ унэхэр щ1ыныр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу гугъуехьхэм зэрыхэхуам къыхэкІыу дэІэпыкъуныгъэ щІэлъэІуэхэри щ1ыІэщ.

«СИ КЪУЭДЗЭХЭРИ сэри гъэзрыгъуэурэ даІуощІэ кьуажэ эмыдІэужьыгъуэхэм кьикІхэм. Абыхэм ящепсалъэкІэ нэхъ кууэ кьыбгурОІуэ гъащІэм хэлъ гугъуехьхэри, ахэр кьызэнэкІыныжкІэ лъэхьэхъэхэри, дэтхэнэ щ1ыпІэм сыт хуэдэ унафэщІыр дауэ щІылажьэми, - жеІэ район администрацэм и Іэтащхьэм. - Пэжыр жыпІэмэ, ди деж кьакІуэхэм кьалэт Іэухуэхэм ящщ1ыкуэ езыхэм дагъэкІыжьыфынут, абы и лъэныкъуэкІэ жылагъуэхэм я депутатхэм я зэфІэкІыр кьагъэсэбэпамэ, езы кьуажэдэсхэр зэхуэсурэ тепсэлъыхьамэ».

Илъэсым щ1ыщу блэкІа мазитхум кьуриубыдэу администрацэм и Іэтащхьэр щ1ыхуэхэм кьабгъэдэкІ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэу 260-м нэблагъэм хэпльащ, абы кьыдэкІуэу, зи щхьэ Іуэхуэкіэ кьекІуэлІахэм ящ1ыщу 58-м яхуэзащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● ТекІуэныгъэ-70

Зауэлі хахуэт, хэкупсэ нэст

Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъур мы махуэхэм дэнэкІи щагъэлъэпІащ. А гурыфІыгъуэ иныр зэдаІэтащ ди къэралым ис цІыху псоми: дэтхэнэми пщІэшхуэ хуещІ ди ветеранхэм, псэкІэ ехьумэ щхьэхуитыгъэр кьытхуэзыхьыжахэм я фэеплъыр. Зауэжьыр зыльэІэса унагъуэхэм дащыщщ дэри. Псыгуэнсу кьуажэм щ1ыщ си адэ Мэкъуауэ Мухьэмэд Нэгъуей и къуэр Хэку зауэшхуэм хэтащ, лІыгъэрэ хахуагъэрэ кьиІэлъагъэу.

СИ АДЭР бынунагъэшхуэм кьыхэкІащ. Зы анэ кьилъхуахэр зэкъуэшиплІрэ зэшыпхъуитІрэ хьурт. Нэгъуей пасэу дунейм ехьжащ, сабиихэр зеиншэу кьаНэри. Фызабэу кьэна си анэшхуэ зэхьмыщІкІэм дэІэпыкъуэгъуу иІэр илъэс 15 зи ныбжь, быным я нэхъыжь си адэ Мухьэмэдт. Кьуэд и сым дэкІащ абы. Жэпуэ РеволюцІэ Иным, абы и ужькІэ кьэралым щекІуэкІа ІуэхугъуэщІэ куэдым я бэлыхьэр и нэгу щІэкІащ. Колхозым кьыщыізэрагъэпэщам щыгъэр, ар ящыщащ абы япэу хьыхьахэм.

Хэку зауэшхуэм щІидза нэужь, куэд дэмыкІыу си адэр фронтым Іухьащ. Ар бийм япэу щыІущІар Дон Іус Ростов дежщ. Мухьэмэд зыхэта 168-нэ фочауэ полкыр щІызэущ Брянск и Іэшэлъашэхэм щекІуэкІа зауэ гуащІэхэми. Нэхъ фочауэ Іэзэхэм хальытэ Мэкъуауэр иІыгъ Іэщам апхуэдизу хуэІэкІуэльакІуэти, абы и фочыпэр зытригъэпсар Іэщ1экІынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Зы ебгъэрыкІуэныгъи кьэхьурт эхьам абы бийм и Іауэлі эхьыбл химыгъащІэу. Апхуэдэу лІыгъэшхуэрэ хахуагъэ инрэ кьигъэльагъуэу, зэрызауэм папщІэ, Мухьэмэд, кьыхуагъэфащащ Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагъыщэр, «Хахуагъэм папщІэ», «Германием дызэрытекІуам папщІэ» медалхэр, нэгъуэщІхэри.

1943 гъэм си адэр уІэгъэ хьэлъэ хьуащ икІи зэман кІыхькІэ сымаджэщым щІэлъащ. И Іэ ижьым пыт Іэпхъуамбэхэр тэмэму мылэжьэж щ1ыхьум, нЫкЬуэдыкЬуэгъэ зэрыбгъэдэлъым кьыхэкІыу, ар унэм кьагъэкІуэжащ. Фочым хуэмыІэкІуэльэкІуэжкми, абы кьару куэд ирихьэлІащ бийм зэхикъуэта кьуажэ хозяйствэр зэфІэгъэувжьыным.

Унагъуэ дахи иухуат си адэм. Абырэ си анэ Семэн Сурэтхъанрэ бынибл дапІащ. Зэшхэу СультІан, Мурадин, Хьэсэн, Володя, Іэмырбий, Мухьэмэдбий, ди щ1ыпхъу захъуэ Марие сымэ адэ-анэм дагъэтъэтащ, дызэрыпсэуфын Іэщ1агъэрэ щІэныгъэрэ. Дэтхэнэри унагъуэ щхьэхуэу дагъэтІысыжащ, гъащІэм дыхэзагъэу, фІыкІэ дыкъыІэзрихэщым дыхущІэкъуу гъуэгу дытрагъэуващ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэкіэ и анэм кьыхуагъэфащауэ щ1ытащ «Анэм и щІыхь» дамыгъэ гъапІэр.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран Мэкъуауэ Мухьэмэд, зи Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщІэ псэемыблэжу бийм пэщІэта хэкупсэр, 1974 гъэм дунейм ехьжащ. Абы и фэеплъ нэхур дохъумэ кьыщІэна и бынхэм, кьытщІэхъуэ щІэблэ узынщэм.

МЭКЪУАУЭ Іэмырбий,
лэжьыгъэм и ветеран.

Уебэкъуа - пшынэ

● Хабзэ

КЬБР-м и Зззыгъэкіуж судыщІэхэм я лэжьыгъэр кьызззыгъэпэщ Іуэхущ1апІэм кьыщапщытэжащ блэкІа илъэсымрэ 2015 гъэм и и япэ мазищ1ымрэ къыриубыдэу УФ-м и КоАП-м и 7.19 статьям кьыщыгъэлъэгъуа хабзэр кьызэпызыудахэм я Іуэхуу зыхэплъахэр. Административнэ хабзэншагъэхэм ящ1ыщу Зззыгъэкіуж судыщІэхэр куэдрэ зыІуухэм ящ1ыщщ щ1ыхуэхэм электричествэр, газыр гъэпщкІуауэ кьызэрагъэсэбэлиР. 2014 гъэм а статьякмкІэ КЬБР-м и зззыгъэкіуж судыщІэхэр хэпльащ Іуэху 2.854-м. Къуэдыуэ ятхам и бжыгъэр сом 6.285.700-рэ мэхъу. Абы щ1ыщу арэзыуэ япшынащ сом 556.500-рэ.

2015 ГЪЭМ и япэ мазихым кьриубыдэу абы пыща Іуэху 818-м хэпльащ. А зэманым кьриубыдэу кьуэдыуэ щ1ыхуэхэм тралъхьа сом 2435000-м щ1ыщу сом 90000-р япшынащ. Административнэ хабзэншагъэ нэхъыбэу щалэжьащ республикэм и щІыналъэ зыбжанэм. Административнэ Іуэхуу Бахьсэн щІыналъэм щ1ыхэпльащ 431-м. Къуэдыуэ абы техьащ сом 906000-рэ. Проходнэ щІыналъэм - Іуэхуи 151-рэ. Къуэдыр сом 453000-рэ мэхъу. Лэскэн щІыналъэм Іуэхуи 137-м щ1ыхэпльэри, къуэдыуэ сом 369.000-рэ ятхащ. Хуит укъамыщІауэ электричествэр, газыр пыщІэным административнэ къуэдыуэ тохьэ:

- щ1ыху къызэрыгуэкІэхэм сом мини 3-м щегъэжьауэ сом мини 4-м нэс;
- къулыкъущІэхэм - сом мини 6-м щегъэжьауэ сом мини 8-м нэблагъэ;
- Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэм - сом мин 60-м щегъэжьауэ сом мин 80-м нэс.

Унафэр кьащта нэужь, административнэ къуэдыр япшынын хуейщ махуэ 60-м и кІуэцІкІэ. А пІалъэм кьриубыдэу къуэдыр ямыпшынамэ, судыщІэм Іуэхур ирегъэхь гъэззэщІакІуэ приставым деж. Хабзэм ебгъкъуар яГъэпшынэ федеральнэ законым тету. Административнэ къуэдыр зыпшынам абы щ1ыхьэт техьуэ дафтэр иригъэхьын хуейщ унафэр зыгъэува судыщІэм и деж. Административнэ къуэдыр и пІалъэм ямыпшынамэ, ар тІуекІэ гъэбэгъуэуэ ятыжьын хуейщ. Ари имыгъэзащІэмэ, махуэ 15-кІэ яГъэтІысынущ е сыхьэт 50-кІэ яГъэлэжьэнущ. Административнэ къуэдыри къытенэжьынущ.

Зззыгъэкіуж судыщІэхэм я Іуэхущ1апІэм и «дзыхь зрагъэз телефонымрэ»: 77-33-05 (сыхьэти 9.00-м щегъэжьауэ 18:00 хьэхуэ фыпсалъэ хьунущ). Электрон хэщІапІэм: mirovsudkbr@mail.ru. Сайтыр: kbr.msudrf.ru.

ХЪАНИЙ Мурат.

Псы уасэр зэтревмыгъэхьэ

● Гу зылъытапхъэ

Нобэрей тхыгъэр тезухуэну сыхуейт псы къэдгъэсэбэпым и уасэр Іэмал имыІэу ттын щ1ыхуейм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм.

ЯПЭРАУЭ, дыкъыщалъхуауэ дызыщІипсэу кьэралым, Урысей Федерацэм, зы Іэхуэтхьэбзи щалэжьыркъым абы и уасэр, ахъшэкІэ кьэльытауэ, щІамыту. Псыр щІым кьыщІэшыным, ар ди унэхэм кьешэлІэным, кьэдгъэсэбэпар щІэшыжьным куэд зэрытекІуадэр гурыІуэгъуэ. Абы кьыщынэмыщІауэ, «Водоканал»-м и лэжьакІуэхэм я улахуэр етыныр, техникэ, Іэмэпсымэ кьэщхьнур - нэгъуэщІ куэдми хуейщ мы Іуэхущ1апІэм и кьалэныр хуэгъэзащІэн папщІэ.

Нэхъыщхьэ дыдэращи, псыр кьыщІэшыным, ар кьэбгъэсэбэп хьун папщІэ зэрыбгъэкъэбзэным текІуадэ электрокъарум и уасэр и зэманым управленэм имытмэ, псы щыІэнукъым. Фи фІэщ фщІы дызэфэ, дызэрыпщафІэ, дызэрытхьэщІэ псыр псы кьежэх кьудейуэ зэрыщымытыр! Псыр ди унэхэм кьэсын ипэ мардэ гуэрхэм тету ягъэкъабзэ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Іуэгъэнэгъу адрей республикэхэм, областхэм, крайхэм щымыІа куэд фэ кьыфхэткъым, икІи фыщІыгъуэзэщ ди псымрэ абыхэм яйхэмрэ щурэ-лъэсрэ жьыхуаІэм зэрыхуэдэм, дыдейр зэрынэхъ пудым.

Ауэ щ1ыхуэкІэ, фымыльахъэ жэщ-махуэ ямыІэу псыкІэ фыкъыззэзыгъэпэщ «Водоканал»-м и лэжьакІуэхэм я Іуэхур. Уасэр зэтревмыгъэхьэ, мазэ хъщ ди абонент отделым зэ фыкъэкІуаліэу псы уасэр зытевгъэкІыныр зыщ1ыбмыгъэгъупщэ! Фыкъэкіуэну фыхущІэмыхьэмэ е кьыфтехьэлъэмэ, фыкъэпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 42-32-52; 42-12-49; 42-04-37.

Абонент кьудамэм и лэжьакІуэхэр нэкІуэнрэ псы уасэр абыхэм кьыфІахынущ, квитанцэ кьыватынущ. НысэрыкІуэм щхьэкІи уасэ лъэпкъ щІагъунукъым.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
«Водоканал»-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхауэ яхъумэ и щІыналъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр щ1ыхъумэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьямрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхауэ яхъумэ и щІыналъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр щ1ыхъумэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьямрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ ящІыну.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№222-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхауэ яхъумэ и щІыналъэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр щ1ыхъумэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьямрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэхауэ яхъумэ и щІыналъэхэм я Іуэхукіэ» 2000 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №37-РЗ-м и 11-нэ статьям кьару имыІэжу кьэлытэн.

2 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр щ1ыхъумэным и Іуэхукіэ» 2005 гъэм щ1ыщхьэріум и 8-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №959-РЗ-м и 6-нэ статьям и Іыхьэ 1-м хэт «жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ сатум пымыщІа арэзы зэгухьэныгъэхэмрэ» псалъэхэр зэхъуэкІын «жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, сатум пымыщІа организацэхэм» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м
№10-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и яныныкъуэ закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и яныныкъуэ закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ ящІыну.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№224-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и яныныкъуэ закон актхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м

1 статья

2004 гъэм мэкъуаугъуэм и 30-м №222-РЗ-м щІэту кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІы кодексым мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 7-нэ статьям и пункт 5-м хэт «, абыхэм кьащэхунри хиубыдэу» псалъэхэр хэгъэкІын.

2. 8-нэ статьям и пункт 10-1-м хэт «, абыхэм кьащэхунри хиубыдэу» псалъэхэр хэгъэкІын.

3. 14-1-нэ статьям и Іыхьэ 11-м и япэ пунктым хэт «, абыхэм кьащэхунри хиубыдэу» псалъэхэр хэгъэкІын.

4. 15-нэ статьям и Іыхьэ 1-м хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум е муниципальнэ мылъкум хиубыдэ щІыхэр - мы Кодексым и 16-нэ статьям кьыщІэлъэІуэгъуэм щ1ыхуэкІуам деж» псалъэхэр хэгъэкІын.

5. 16-нэ статьям кьару имыІэжу кьэлытэн.

6. 26-нэ статьям и Іыхьэ 1-м хэт «, абыхэм кьащэхунри хиубыдэу» псалъэхэр хэгъэкІын.

2 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ кьалэухуэ лэжьыгъэм и Іуэхукіэ 2006 гъэм щ1ыщхьэріум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №66-РЗ и 16-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 2-м хэт «, абыхэм кьащэхунри хиубыдэу» псалъэхэр хэгъэкІын.

3 статья

«Фэтэр куэд хъу псэупІэ унэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щ1ыхэм я зэхуэдэу щ1ыт мылъкур капитальнэу зэгъэпэщ1ыжыныр кьыззрызэрагъэпэщым икІи зэрырагъэкІуэкІым и Іуэхукіэ» 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №62-РЗ-м и 35-нэ статьям и Іыхьэ 4-м хэт «зэрыращэж уасэр» псалъэхэр зэхъуэкІын «и уасэр зэрапшыныжьыр» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м
№12-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъум и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъум и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хуэгъэзауэ ящІыну.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№216-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъум и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кьулыкъум и Іуэхукіэ» 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 14-нэ статьяр мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу кьэкІын:

«**14 статья**. Граждан кьулыкъур зэрырахьэкІыр

Къэрал органым граждан кьулыкъур зэрыщІрахьэкІ щІыкІэмрэ хабзэмрэ щауб зыху Федеральнэ законым тету кьулыкъущІэм иращІыІла контрактым.».

2. 15-нэ, 16-нэ, 17-нэ статьяхэм кьару ямыІэжу кьэлытытэн.

2 статья

Мы Законым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуищІ дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м
№14-РЗ

● Дифl догъэлъапlэ

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр:

Нобэр къыздэсым сфlэгъэщlэгъуэну солажьэ

Иджыблагъэ и ныбжьыр илъэс 60 ирикуащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм илъэс куэд щlауэ и унафэщl Тэтрокъуэ Астемыр. А плlалъэм къриубыдэу ар адыгэ унагъуэ куэдым «хэгъэрей щыхъуащ». Іущагърэ щlэщыгъуагъкlэ гъэнщlа и нэтынхэм нэхъыжьми нэхъыщlэми къыхахын ягъуэт. Астемыр и нэтынхэм зэ нэхъ мыхъуми едlуам абы и lэщlагъэмрэ къыхьыжкlа и лъэпкъымрэ фlыуэ зэрилъагъур шэч къытримыхьэу жиlофынщ. Астемыр упщlэ зыбжанэкlэ зыхуэдгъэзащи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ къызджиlам.

- СИ АДЭ Музэрифрэ си анэ Асльихьанрэ щlалищрэ зы хъыджэбзрэ зэдагъуэтати, си шыпхъу Маринэрэ сэрэщ псэууэ къэнар, къыздогуашэ Астемыр. - Си адэр Хэку зауэшхуэм хэтащ, абы къыщигъэлъэгъуа лlыгъэм папщlэ Хэку зауэ орденым и нагъыщитыр, нэгъуэщl орден, медаль зэхуэмыдэхэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Ди адэм уlэгъэ куууэ тху и lэблэмрэ и ныбэмрэ телъу, ныкъуздыкъуагъкlэ етlуанэ гупым хабжауэ къигъэзэжат. Си адэ-анэм я зэхуаку пщlэрэ нэмысрэ дэлъащ. Игъащlэм слъэгъуакъым а тlум я макъ lэтауэ зэпсалъэу. Итlанэ, ди адэм ди жьэр хуэдгъэзэу игъащlэм деПсэлъэкъым, зыгуэр дыхуейлъэ, ди анэм жетlэрт. Ди адэм фlэлыкlи ин, пщlэшхуэ хуэтщlу дыкъэтэджат, сыщlыщышынэн абы дэзмыльэгъуами, и макъым зригъэlэту ар къызэмыпсэльами, апхуэдизу дагъэсат. Гъэсэныгъэ гъэщlэгъуэн яlащ адыгэхэм...

КъБКЪУ-м урысыбзэмрэ адыгэбзэмкlэ и къудамэм сыщlэсу, Къармэхьэлъэ дэт школым практикэ сагъакlуэри, иужькlи сыкъамыуtlыпущу илъэс зыбжанэкlэ сфlэгъэщlэгъуэну сыщlэсжьат, ауэ хуабжьу гугъу сригъэхьыт Сэрмакьэрэ Къармэхьэлъэрэ зэпызыщlэ автобусыр фlыуэ зэрызэмылъэгъуну.

Цlыкlуэхр литературэм дезгъэхьхэрт, уеблэмэ сэ езгъаджэ куэдым уэс тхын къарагъэжьат, шэджагъуэ хъуху дерс езгъэкlуэкlырти, жэщым нэблагъэхукlэ а цlыкlуэхм хэхауэ садзлажьэрт.

Иужькlэ телевиденэм и редактор нэхъыщlэу сыкъащтэри, нэтынкэр згъэхьэзыру сыщыlащ. Гъэщlэгъуэн куэд къыщыхъуащ си гъащlэм, абыхэм ящыщ зы ныбжеlэжьынщ. Диктору утыкум укъраГъэхьэн щхьэкlэ комиссэ зэхуэсырти, абы къыщыхахыу арат а къалэным пэлъэщыну къалъытэр. Сызэрыплъэрэ мазэ зыбжанэ фlэкlа мыхъуу, эфир занщlэр езыгъэкlуэкl Бекъалды Толэрэ абы и гъусэну артистымрэ къэкlуатэкъым. Режиссёрым эфир занщlэр езгъэкlуэкlыну со телевизорым сыкъитlысхьэн хуейуэ, нэгъуэщl хэкlыпlэ щымыlэу къыщыжиlэм, арэзы сыхъуащ. Пэжым ухуеймэ, сышынэрт, ауэ икlуэтыпlэ сиlэтэкъым. Ауэрэ си гъусэн хуей артистыр къэсри, студием дыщыхьащ, сэ жьыСlэнур сухри, «Таурыхъ кlывжкlэнщ Кlэмыргуей Валентин», жысlэри, псалъэ есташ. Нэтынкр щиухым: «Тхъэр арэзы къыпхунхъу, Валентин», жысlэри зэхуэсщlыжащ. «Уа, сы-Валентинкъым икlи сы-Кlэмыргуейкъым», - къызжеlэ щlаlэм. Къызэрыщlэкlымкlэ, Кlэмыргуей Валентини Іуэху иlэу къэмыкlуэфу Щыхъалы Анатолэ къигъэкlуауэ арат. Абы иужькlэ Щыхъалым дэнэ сыщыхуэмызам: «Уа, сы-Валентинкъым, зыгуэр дыхуейлъэ, ди анэм жетlэрт. Ди адэм фlэлыкl ин, пщlэшхуэ хуэтщlу дыкъэтэджат, сыщlыщышынэн абы дэзмыльэгъуами, и макъым зригъэlэту ар къызэмыпсэльами, апхуэдизу дагъэсат. Гъэсэныгъэ гъэщlэгъуэн яlащ адыгэхэм...

КъБКЪУ-м урысыбзэмрэ адыгэбзэмкlэ и къудамэм сыщlэсу, Къармэхьэлъэ дэт школым практикэ сагъакlуэри, иужькlи сыкъамыуtlыпущу илъэс зыбжанэкlэ сфlэгъэщlэгъуэну сыщlэсжьат, ауэ хуабжьу гугъу сригъэхьыт Сэрмакьэрэ Къармэхьэлъэрэ зэпызыщlэ автобусыр фlыуэ зэрыземыкlыу.

Цlыкlуэхр литературэм дезгъэхьхэрт, уеблэмэ сэ езгъаджэ куэдым уэс тхын къарагъэжьат, шэджагъуэ хъуху дерс езгъэкlуэкlырти, жэщым нэблагъэхукlэ а цlыкlуэхм хэхауэ садзлажьэрт.

Иужькlэ телевиденэм и редактор нэхъыщlэу сыкъащтэри, нэтынкэр згъэхьэзыру сыщыlащ. Гъэщlэгъуэн куэд къыщыхъуащ си гъащlэм, абыхэм ящыщ зы ныбжеlэжьынщ. Диктору утыкум укъраГъэхьэн щхьэкlэ комиссэ зэхуэсырти, абы къыщыхахыу арат а къалэным пэлъэщыну къалъытэр. Сызэрыплъэрэ мазэ зыбжанэ фlэкlа мыхъуу, эфир занщlэр езыгъэкlуэкl Бекъалды Толэрэ абы и гъусэну артистымрэ къэкlуатэкъым. Режиссёрым эфир занщlэр езгъэкlуэкlыну со телевизорым сыкъитlысхьэн хуейуэ, нэгъуэщl хэкlыпlэ щымыlэу къыщыжиlэм, арэзы сыхъуащ. Пэжым ухуеймэ, сышынэрт, ауэ икlуэтыпlэ сиlэтэкъым. Ауэрэ си гъусэн хуей артистыр къэсри, студием дыщыхьащ, сэ жьыСlэнур сухри, «Таурыхъ кlывжкlэнщ Кlэмыргуей Валентин», жысlэри, псалъэ есташ. Нэтынкр щиухым: «Тхъэр арэзы къыпхунхъу, Валентин», жысlэри зэхуэсщlыжащ. «Уа, сы-Валентинкъым икlи сы-Кlэмыргуейкъым», - къызжеlэ щlаlэм. Къызэрыщlэкlымкlэ, Кlэмыргуей Валентини Іуэху иlэу къэмыкlуэфу Щыхъалы Анатолэ къигъэкlуауэ арат. Абы иужькlэ Щыхъалым дэнэ сыщыхуэмызам: «Уа, сы-Валентинкъым, зыгуэр дыхуейлъэ, ди анэм жетlэрт. Ди адэм фlэлыкl ин, пщlэшхуэ хуэтщlу дыкъэтэджат, сыщlыщышынэн абы дэзмыльэгъуами, и макъым зригъэlэту ар къызэмыпсэльами, апхуэдизу дагъэсат. Гъэсэныгъэ гъэщlэгъуэн яlащ адыгэхэм...

«Сытхэр уи псэукlэ, къуажэ?» нэтынкм жылэхэм я щыlэкlэр къыщызгъэлъагъэрт. Нэгъуэщl куэди згъэхьэзырырт. Апхуэдизу, 1990 гъэхэм хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм дызэхахыу къудамэ тхуащlри, ар зэрылажьа илъэс 19-м сэ сябы сыщыlащ. Тыркум, Сирием дыщызэхахырт, афlэфlу къыздаlуэрт.

«Псалъэмакъ щхьэпэ», «ГушыlэпIэ утыку», нэгъуэщl нэтынхэри согъэхьэзыр, нобэр къыздэсым сфlэгъэщlэгъуэну солажьэ.

- **Телевиденэмкlэ загъэлъэгъуэну зыфlэфl журналистхэр щыlэщ, уэ ар убгынэри, радиом укlуащ.**

- Телевиденэм зы нэтын щыбгъэхьэзырын папщlэ цlыху куэдым уепхащ, сурэт тезыхым, макъыр зэхуэзыхьэсым, режиссёрым, нэгъуэщlхэми. Радиом диктофон ущиlэмэ, адрей псори уэ уи Іэмыщlэ илъыжщ, уэзрыхуейуэ зэхуэгъакlуэ. Иджыпстуи эфирым кlуэ нэтынкр зэрыщыту зыщlыр дэращ, абыи фlы хэлъщ, сыт щхьэкlэ жиlэмэз, ар уи нэгу къызэрыщlэбгъэувам хуэдэу пщы мэхъу. Пэжщ, телевиденэм нэхъыбзэрэ укъигъэлъагъуэмэ, нэхъыбзэм укъаслъыху, уэрамхэм укъыщагъэувыlэурэ сэлам къыуах, ауэ сэ зэи цlэрыlуэ сыхъуну сыхуеякъым.

- **Уэзрыжурналист пэрытым къищынэмыщlауэ, литературэ тхыгъэхэри зэрыптхым дыщыгъуазэщ, абыхэм мыззмытlэу Іуащхьэмахуэ журналым дыщрихьэлlащ. Аэр тхылъ щхьэхуэу къыдэбгъэхьыну муад?**

- Школым сызэрыщlэсрэ уэс стхырт, ауэ зэманыр кlуэху нэхъ Іэщlыб сщlы хъуащ. Иужьрей зэманым нэхъыбзу стхыр къысщыщlа щlэщхъуэхр лъабжьэ зыхуэхъуа тхыгъэ кlэщl щыкlуэхрэщ, си мурадщ аэр тхылъ щхьэхуэу къыдэзгъэкlыну.

Сэ сфlэгъэщlэгъуэну литературэм и теориемкlэ тхылъхэр щызоджыкl. Псалъэм папщlэ, литературэмкlэ щlэныгъэ куу зиlэм сыригъэдзтlысхьэу сеуэрщэрылlэфынущ, уеблэмэ литературэм гукъани яхуэсщlыфынущ. Къапщтэмэ, ди лъэпкъ прозэм и Іыхь з нэхъыщхьэр диалогращ (зэпсэлъэныгъэрщ), ауэ ди тхакlуэхэм ар къаузрехъулlэм тетхыхьауэ нобэр къыздэсым зы щlэныгъэлlи Іыхь. Цlыхухэм я зэхуущытыкlэр, абыхэм я гупсысэкlэр, хьэл-щэныр я зэпсэлъэкlэм къыщыгъэлъэгъуа мэхъу, тхыгъэм ар зи Іэдакъэщlэкlым и псалъэ куэд щыхэтын щыlэкъым, абы ар хэтщlу, фейдэй ещl, щlэджыкlакlуэм дзыхь хуимыщlуращ къикlыр. Профессорми мэкъумэшыщlэми къагурыIуэн хуэдэу тхауэ щытын хуейщ художественнэ тхыгъэр. Тхакlуэм и лэжьыгъэм и дагъэр жеПэмэ, уеижу къикlыркъым. Литературэр бзэмкlэ щапхъэу щытыпхъэщ.

- **Щыбагъ быдэу уиlэ уи унагъуэм и гугъу къытхуэпщlамэ арат.**

- Щlалищ сиlэщи, щыми университетыр диплом плъыжькlэ хъауращ. Нэхъыщlэр иджыри Москва МГСУ-м щоджэ, адэкlэ и щlэныгъэм аспирантурэм щыпищыну и мурадщ. Етlуанэр хьэрычэтыщlэщи, и Іэхухэр хъарзынэу къехъулIэ хуэдэщ, щlалэ нэхъыжьми и Іэхуу иlэжщи, абыи и щхьэ хуогъэпсэуж. Кlэщlу жыпlэмэ, унэгуащэмрэ сэрэ дигу яхуэмыныкъуэу я щхьэ Іэхуу дагъэкlыжькlи. Щlалэ курытым къытшауэ щlалитlрэ зы хъыджэбзэрэ иlэщ. Абыхэм къызат гурыфlыгъуэр мыухыжщ.

- **Ди махуэ лъапIэмкlэ иджыри зэ сынохьуэхъу. уи унагъуэ дахэм илъэс куэдкlэ ущхьэщытыну, адыгэ радиом и «кlыщым» илъэс куэдкlэ ущылъэщэну ди гуапэщ.**

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Махуэшхуэхэр

Зи бзэр зымыщlэж цlыхур куэдым хущощlэ

Ныбжьыщlэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым щохьэщlэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым ис сабий(хэр мамырыгъэм щIобэн» фlэщыгъэ иlэу екlуэкlащ сабий прессэм и республикэ фестивалыр. Ар траухуат Хэку зауэшхуэм мы гъэм илъэс 70 зэрырикъуам.

САБИЙ творчествэмкlэ республикэ уардэунэм щызэхэта зэхуэсым зыкъарагъэхьалlащ абы и унафэщl **Къалмыкъ Кларэ**, КъБР-м Печатымрэ цlыхубэ коммуникацхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщlым и къуэдзэ **Конаков Хьэсэн**, а комитетым и къудамэм и унафэщl **Романовская Аннэрэ** лэжьакlуэ нэхъыщlэхэм **Мэремыкъуэ Элеонорэрэ**, ди щlынальэм хиубыдэ щlынальэхэмрэ къалэхэмрэ къикlа егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ.

ЗэIущlэр къызэIуихащ Къалмыкъ Кларэ:

- Сабий(хэр дахэу, зэгъэкlуауэ псэльэфу, щыуагъэншэу тхэфу щытыпхъащ. Абы и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ нобэрей зэIущlэм. Сэ срогушхуэ, ныбжькlэ фыщlалэми, фи Іэдакъэщlэкlхэр газетхэм къызэрытревгъадэм, журналистикэм фызэрыдихьэхым, жьыджэру Іуэхум фызэрыхэтым. Сынывохъуэхъу Іэщlагъэлl нэс къыфхэкlыну,efPIэкlуэну.

Журналистикэр зэрылэжьыгъэ гъащlэгъуэным икlи зэрыгугъум тепсэльыхьащ Конаков Хьэсэн. Абы и псалъэхэм къыхигъащlащ а Іэнатlэм Іыхутэр зэрыщытыр, ар къыгуэхьпlэ имыIэу гъащlэм къызэрыщыдгъэсэбэнщ.

Сабий(хэм я тхыгъэхэмрэ блэн газетхэмрэ щызэхуэхьэса гъалъэгъуэныгъэр хьэлэмэтт. ЕджакIуэхэм ягъэхьэзырат Хэку зауэшхуэм теухуа сурэт зэхуэмыдэхэр, зым нэхърэ адрейр нэхъ щlэщыгъуэку. Ахэр зыхуэгъэпсар ди щlынальэм мамырыгъэ илъу дыпсэунырт, зауэм фIы зэи къызэримыхырт. Ныбжьыщlэхэр иужькlэ ирагъэблэгъащ Печатым и унэм, республикэм и теле-радио каналхэм, газетхэм я лэжьакlэм щыгъуазэ ящlыну.

Лэскэн, Дзэлыкъуэ щlынальэхэм къикlахэр «Адыгэ псалъэ» газетым щыхьэщlащ. Егъэджакlуэхэу Къанкъуэ Мадинэ, Ерчэн Залинэ, Апекъуэ ФатIимэ, ТIолаш Залинэ сымэ ящlыгъуу ныбжьыщlэхэм къаIущlащ газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщlэ Мухьэмэдрэ къудамэхэм я унафэщlхэмрэ. Мухьэмэд сабий(хэм яхутепсэльыхьащ ди республикэм адыгэбзэкlэ къыщыдэкlа газет закъуэм и тхыдэмрэ и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкlэмрэ.

- Зи бзэ зымыщlэж цlыхур куэдым хущощlэ, - жиIащ Мухьэмэд, - Ди газетыр зытелажьэр ди бзэр хъумэнырщ. Адыгэм и блэкlам, нобэрей гъащlэм теухуа тхыгъэхэр къытыдоIэ. Абы къыхэкIыу газетыр адыгэхэм я тхыдэтхыу къэпльытэ хъунущ. Урысейм и Президент Путин Владимир идыу дыдэ къыхуилъхьащ унафэ дахэ, лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэр фIыуэ яджыжьыным теухуауэ. Апхуэдэ Іэмалыр къэдгъэсэбэну адыгэбзэр зэрядж сыхьэт бжыгъэхэм хэгъэхъуэжьыным, ар экзамен зэрат предметхэм яхэгъэхьэныным дыхущlэкlэнущ.

ХьэфIыщlэр къырихьэлIахэм яхуэупсащ тхылъ гъащlэгъуэнхэмкlэ икIи я мурадхэр къайхъуIэну екъуэхъуащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджакlэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Жылаесэ Маритэ** хьэщlэхэм редакцэм защриГъэлъэныхьащ, газет къыдэкlыгъуэр зэрагъэхьэзырым кlэлъыгъэплъу. Журналист ныбжьыщlэхэр иужькlэ «СтIол хэурейм». Абыхэм яIущlащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**, телевиденэм, радиом я лэжьакlуэ пажэхэр.

ЗэIущlэм и кlэухым ныбжьыщlэхэр ягъэлъэпIащ, щытхъу тхылъхэр ирату.

ТАБЫЩ Динарэ.

ЦIыху гуапэ, гумызагъэ, ныбжьэгъу пэж

Тэтрокъуэ Астемыр хужаIахэр

***«Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом и урыс редакцэм и редактор нэхъыщхьэ* ТЕУВЭЖЫКЪУЭ Марьянэ**: - Астемыр хьэл дахэ куэд хэлъщ, абыхэм ящыщу сэ нэхъ сфlэгъэщlэгъуэныр Тэтрокъуэм псоми бгъэдыхьэкlэ зыриз хьаззэрыхуигъуэтыфырщ. Ауэ щыхъукlи, абы и Іэхъу еплъыкIэр ихъуэжрейкъым, жиIам тетыж цIыху зэпIэзэрытщ. Астемыр адыгэ редакцэм и унафэщl къалэныр къыщlэхъуlэр а и хьэлыфlхэрщ, и цIыхугъэ лъагэм и зэфlэкl иныр зэрыдэщlыгъум и фIыгъэщ. ЦIыху гъэщlэгъуэн куэд и псэльэгъущ, абы ахэр нэхъыфlу къызэригъэльэгъуэным яужь итщ, и лэжьэгъуэхэм куэдрэ защlегъакlуэ. Астемыр и илъэс 60-р ехьулIэныгъэщlэхэм я щlэдзапIэ хъуну, узынщэу, мурадыщlэ куэд ищlрэ и гум ирилъхьэу хъуам яльэIэсыфу псэуну сехъуэхъуну сыхуейщ.

***«Радио России. Кабардино-Балкария» редакцэм и унафэщl* МЭРЕМКЪУЛ Ларисэ**: - Астемыр кьуажэ школым зэрыщылажьэрэ соцIыху. А плlалъэм къриубыдэу абы и псалъэ гуаУэ зэхэсхауэ, и зэран зыгуэрым екIауэ сщlэжыркъым. Сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэ сиIэми, си щхэу есхьэлIэфу щытащ. Нобэр къыздэсым дызэныбжьэгъуфIщ, уеблэмэ унагъуэкlэ дызэпыщlауэ, дызэкlэлъыкIуэу дыкъыздокIуэкl. Си сыхуейщ Астемыр гъащlэр зэхэсхуэрэ, ар ди анэдэлъхубзэр, къызэхэкlа лъэпкъыр, я щlыналъэр фIыуэ зэраларегъэр зи фIыщlэр аращ. Абы адэ-анэфlи иIащ. Унагъуэ сыщицкъым си гущlэ-тхъэмадэм я ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтами, а тIум яхэлъ хабзэм удимыльхэзын плъэкlыртэкъым, псом хуэмыдэу сэ згъэщlагъэрт абы-хэм яку дэлъ пщlэр, зэхущытыкlэ дахэр. А зэхущытыкlэр абыхэм я къуэм ди унагъуэми къихьын хуэфlэкlащ. Абы цIыхухэр фIыуэ елъагъу, цIыкIуми инми бзэ зырыз хъахуегъуэтыф. Зым хуэмыдэуи сэ гу лъызотэ абы и лэжьыгъэр, къызыхэкlа адыгэ лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъуи, абы гурэ - псэкlэ етауэ зэрыпсэуми. Ар дапхуэдизу ешауэ лэжьапIэм къымыкIыжами, ди къуэрыпльхэм адыгэ таурыхъ цIыкIуэхр яжримыIэжу, ахэр зыгуэркlэ имыгъэгуфIэу зы пщыхьэщхьи дигъэкIыркъым.

ИУАЗ Юрэ: - Астемыррэ сэрэ дызэрыстудентрэ дызэрощlыху. Уеблэмэ зэкъуэш дызэрыгъэхьуауэ щытащ. Сыт хуэдэ Іуэхукlи Астемыр къыбдэпсыкъунут, езым хуэзфlэмыкIмэ, зыхуэзфlэкIым елъэIунут. ЖиIам тетыж адыгэлIщ. ГуфIэгъуэри гуэзвэгъуэри къыбдиIбгъынущ, пщlыр и жагъуэгъущ, и унагъуэм зэпхэжщ. Быныфl ягъэсащ зэщхьэгъуэсэхэм. Ныбжьэгъу куэд къакlэлъокIуэ, ар абыхэм я щlыхугъэм и щlыхьэтщ. Астемыр иIэ фlыгъэуэ хуэбгъэгъуэу иджыри апхуэдизкlэ я лъэпкъым, и унагъуэм, фIыуэ зыльагъу дэ Тхъэм тхуигъэпсэу!

***Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlэныгъэ институтым адыгэбзэмкlэ и къудамэм и унафэщl* БИЩIО Борис**: - Астемыр илъэс 60 зэрыхъур си фIэщ схуэщIыркъым, абыиз сэрэ дыгъуасэ хуэдэщ зэгъусэу университетым дыщыщlэтIысхьар. Пщlэ зэхуэтщlу, фIыуэ дызэрыльагъуу дыкъыздекIуэкlащ. Астемыр щlыху дыщщ жьыпlэнр егъэлеяуэ къыщыхьэрхъым, сыт щхьэкlэ жьыпIэмэ, абыиз сэрэ дыгъуасэ хуэмыдэу литературэм ехьэлIащ. Илъэс 60-м цIыкIуэхъуэ лIыпIэ иуэву аращи, иджыри куэд зэрыхуэзэфlэкlынум шэч къытесхьэрхъым. Сыхуейщ и мурадхэр къехъулIэну.

***Тэтрокъуэ Астемыр и унэгуащэ* КIУЭКIУЭ Іэминат**: - Унагъуэ сызэрихьэрэ илъэс 31-рэ зэхуэмыдэу, а махуэм щlэгъэжьауэ, сымыщlэмкlэ зыкъыкъущIигъакъуэу, зым Іэпыхэр адрейм къищтэжу дызэдоIэсу. ЩIалищ диIэщи, абыхэм сэрэсэнигъэ тэмэм яIэ зэрыхъуар, я анэдэлъхубзэр, къызыхэкlа лъэпкъыр, я щlыналъэр фIыуэ зэраларегъэр зи фIыщlэр аращ. Абы адэ-анэфlи иIащ. Унагъуэ сыщицкъм си гущlэ-тхъэмадэм я ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтами, а тIум яхэлъ хабзэм удимыльхэзын плъэкlыртэкъым, псом хуэмыдэу сэ згъэщlагъэрт абы-хэм яку дэлъ пщlэр, зэхущытыкlэ дахэр. А зэхущытыкlэр абыхэм я къуэм ди унагъуэми къихьын хуэфlэкlащ. Абы цIыхухэр фIыуэ елъагъу, цIыкIуми инми бзэ зырыз хъахуегъуэтыф. Зым хуэмыдэуи сэ гу лъызотэ абы и лэжьыгъэр, къызыхэкlа адыгэ лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъуи, абы гурэ - псэкlэ етауэ зэрыпсэуми. Ар дапхуэдизу ешауэ лэжьапIэм къымыкIыжами, ди къуэрыпльхэм адыгэ таурыхъ цIыкIуэхр яжримыIэжу, ахэр зыгуэркlэ имыгъэгуфIэу зы пщыхьэщхьи дигъэкIыркъым.

***Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэ литературэмкlэ и къудамэм и унафэщl* ТIЫМЫЖЬ Хьэмыща**: - Дызэрыстудентрэ дызэрощlыху. Уеблэмэ зэкъуэш дызэрыгъэхьуауэ щытащ. Сыт хуэдэ Іуэхукlи Астемыр къыбдэпсыкъунут, езым хуэзфlэмыкIмэ, зыхуэзфlэкIым елъэIунут. ЖиIам тетыж адыгэлIщ. ГуфIэгъуэри гуэзвэгъуэри къыбдиIбгъынущ, пщlыр и жагъуэгъущ, и унагъуэм зэпхэжщ. Быныфl ягъэсащ зэщхьэгъуэсэхэм. Ныбжьэгъу куэд къакlэлъокIуэ, ар абыхэм я щlыхугъэм и щlыхьэтщ. Астемыр иIэ фlыгъэуэ хуэбгъэгъуэу иджыри апхуэдизкlэ я лъэпкъым, и унагъуэм, фIыуэ зыльагъу дэ Тхъэм тхуигъэпсэу!

***Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкlэ и къудамэм и унафэщl* БИЩIО Борис**: - Астемыр илъэс 60 зэрыхъур си фIэщ схуэщIыркъым, абыиз сэрэ дыгъуасэ хуэдэщ зэгъусэу университетым дыщыщlэтIысхьар. Пщlэ зэхуэтщlу, фIыуэ дызэрыльагъуу дыкъыздекIуэкlащ. Астемыр щlыху дыщщ жьыпlэнр егъэлеяуэ къыщыхьэрхъым, сыт щхьэкlэ жьыпIэмэ, абыиз сэрэ дыгъуасэ хуэмыдэу литературэм ехьэлIащ. Илъэс 60-м цIыкIуэхъуэ лIыпIэ иуэву аращи, иджыри куэд зэрыхуэзэфlэкlынум шэч къытесхьэрхъым. Сыхуейщ и мурадхэр къехъулIэну.

***Тэтрокъуэ Астемыр и унэгуащэ* КIУЭКIУЭ Іэминат**: - Унагъуэ сызэрихьэрэ илъэс 31-рэ зэхуэмыдэу, а махуэм щlэгъэжьауэ, сымыщlэмкlэ зыкъыкъущIигъакъуэу, зым Іэпыхэр адрейм къищтэжу дызэдоIэсу. ЩIалищ диIэщи, абыхэм сэрэсэнигъэ тэмэм яIэ зэрыхъуар, я анэдэлъхубзэр, къызыхэкlа лъэпкъыр, я щlыналъэр фIыуэ зэраларегъэр зи фIыщlэр аращ. Абы адэ-анэфlи иIащ. Унагъуэ сыщицкъм си гущlэ-тхъэмадэм я ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтами, а тIум яхэлъ хабзэм удимыльхэзын плъэкlыртэкъым, псом хуэмыдэу сэ згъэщlагъэрт абы-хэм яку дэлъ пщlэр, зэхущытыкlэ дахэр. А зэхущытыкlэр абыхэм я къуэм ди унагъуэми къихьын хуэфlэкlащ. Абы цIыхухэр фIыуэ елъагъу, цIыкIуми инми бзэ зырыз хъахуегъуэтыф. Зым хуэмыдэуи сэ гу лъызотэ абы и лэжьыгъэр, къызыхэкlа адыгэ лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъуи, абы гурэ - псэкlэ етауэ зэрыпсэуми. Ар дапхуэдизу ешауэ лэжьапIэм къымыкIыжами, ди къуэрыпльхэм адыгэ таурыхъ цIыкIуэхр яжримыIэжу, ахэр зыгуэркlэ имыгъэгуфIэу зы пщыхьэщхьи дигъэкIыркъым.

***Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэ литературэмкlэ и къудамэм и унафэщl* ТIЫМЫЖЬ Хьэмыща**: - Дызэрыстудентрэ дызэрощlыху. Уеблэмэ зэкъуэш дызэрыгъэхьуауэ щытащ. Сыт хуэдэ Іуэхукlи Астемыр къыбдэпсыкъунут, езым хуэзфlэмыкIмэ, зыхуэзфlэкIым елъэIунут. ЖиIам тетыж адыгэлIщ. ГуфIэгъуэри гуэзвэгъуэри къыбдиIбгъынущ, пщlыр и жагъуэгъущ, и унагъуэм зэпхэжщ. Быныфl ягъэсащ зэщхьэгъуэсэхэм. Ныбжьэгъу куэд къакlэлъокIуэ, ар абыхэм я щlыхугъэм и щlыхьэтщ. Астемыр иIэ фlыгъэуэ хуэбгъэгъуэу иджыри апхуэдизкlэ я лъэпкъым, и унагъуэм, фIыуэ зыльагъу дэ Тхъэм тхуигъэпсэу!

***Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкlэ и къудамэм и унафэщl* ТIЫМЫЖЬ Хьэмыща**: - Дызэрыстудентрэ дызэрощlыху. Уеблэмэ зэкъуэш дызэрыгъэхьуауэ щытащ. Сыт хуэдэ Іуэхукlи Астемыр къыбдэпсыкъунут, езым хуэзфlэмыкIмэ, зыхуэзфlэкIым елъэIунут. ЖиIам тетыж адыгэлIщ. ГуфIэгъуэри гуэзвэгъуэри къыбдиIбгъынущ, пщlыр и жагъуэгъущ, и унагъуэм зэпхэжщ. Быныфl ягъэсащ зэщхьэгъуэсэхэм. Ныбжьэгъу куэд къакlэлъокIуэ, ар абыхэм я щlыхугъэм и щlыхьэтщ. Астемыр иIэ фlыгъэуэ хуэбгъэгъуэу иджыри апхуэдизкlэ я лъэпкъым, и унагъуэм, фIыуэ зыльагъу дэ Тхъэм тхуигъэпсэу!

Ирагъэблэгъащ Печатым и унэм, республикэм и теле-радио каналхэм, газетхэм я лэжьакlэм щыгъуазэ ящlыну. Лэскэн, Дзэлыкъуэ щlынальэхэм къикlахэр «Адыгэ псалъэ» газетым щыхьэщlащ. Егъэджакlуэхэу Къанкъуэ Мадинэ, Ерчэн Залинэ, Апекъуэ ФатIимэ, ТIолаш Залинэ сымэ ящlыгъуу ныбжьыщlэхэм къаIущlащ газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщlэ Мухьэмэдрэ къудамэхэм я унафэщlхэмрэ. Мухьэмэд сабий(хэм яхутепсэльыхьащ ди республикэм адыгэбзэкlэ къыщыдэкlа газет закъуэм и тхыдэмрэ и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкlэмрэ.

- Зи бзэ зымыщlэж цIыхур куэдым хущощlэ, - жиIащ Мухьэмэд, - Ди газетыр зытелажьэр ди бзэр хъумэнырщ. Адыгэм и блэкlам, нобэрей гъащlэм теухуа тхыгъэхэр къытыдоIэ. Абы къыхэкIыу газетыр адыгэхэм я тхыдэтхыу къэпльытэ хъунущ. Урысейм и Президент Путин Владимир идыу дыдэ къыхуилъхьащ унафэ дахэ, лъэпкъ цIыкIухэм я бзэхэр фIыуэ яджыжьыным теухуауэ. Апхуэдэ Іэмалыр къэдгъэсэбэну адыгэбзэр зэрядж сыхьэт бжыгъэхэм хэгъэхъуэжьыным, ар экзамен зэрат предметхэм яхэгъэхьэныным дыхущlэкlэнущ.

ХьэфIыщlэр къырихьэлIахэм яхуэупсащ тхылъ гъащlэгъуэнхэмкlэ икIи я мурадхэр къайхъуIэну екъуэхъуащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджакlэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Жылаесэ Маритэ** хьэщlэхэм редакцэм защриГъэлъэныхьащ, газет къыдэкIыгъуэр зэрагъэхьэзырым кlэлъыгъэплъу. Журналист ныбжьыщlэхэр иужькlэ «СтIол хэурейм». Абыхэм яIущlащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**, телевиденэм, радиом я лэжьакlуэ пажэхэр.

ЗэIущlэм и кlэухым ныбжьыщlэхэр ягъэлъэпIащ, щытхъу тхылъхэр ирату.

ТАБЫЩ Динарэ.

Зи хъуэпсапІэхэр зэзыгъэхъулІэф

Республикэм и щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ щІалэ жыдэхэрэм ящыщ продюсер, «Ритм гор» Іуэхущапіэм и унафэщІ Урыс Алим.

ШЭДЖЭМ районым хыхь Нартан къуажэрщ Урыс Алим къыщыхъуар. Ар щеджащ Нартан дзэ курыт школ №1-м. Налшык и Музыкэ школыр 2004 гъэм къиухащ. Алим пшынэм хуезыгъэджар Мамбэт Мухьэмэдщ. Абы къыуащ Дон Іус Ростов щыІэ Ипщэ федеральнэ университетым и юридическэ факультетым социологиемкІэ иІэ къудамэр. Зы зэманкІэ Дон Іус Ростов и Пенсэ фондым щылэжьауэ, Налшык къэкІуэжащ. Страховой компание, банк жыпІэмк щІалэр Іэнатіэ куэдым и зэфІэкІ щеплъыжащ. Ауэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрымытми, Алим и гум дыхьэ, и псэм фІэфІ щэнхабзэм хуэпабгъэрт. Зыхуеджа Іэщ Іагъэр Іэщ Іыб ищу, щэнхабзэ Іуэхум хыхьа нэужьщ Алим и увыпІэр ГъащІэм къыщигъэтыжауэ къыщІыпытар.

2010 гъэм Урыс Алим къызэІуихащ хьэгъуэлІыгъэхэр къызэзыгъэщІ Іуэхущапіэ. Ар зэригъэлажьа илъэсипІым къриубыдэу и гупым адыгэ хьэгъуэлІыгъэ куэд ирагъэкІыжащ. Абы пыщІа адыгэ хабзэхэр екІуу къызэрагъэпэщыгъэ, щдуэми, нысащІэми, ныбжьэгъуэхми лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу, къэфакІуэхэри уэрэджьыакІуэхэри яІэжу, гуфІэгъуэр зейм я Іуэху епльыкІэхэри кьалъытэу.

- ХьэгъуэлІыгъуэхэр иджы къызэдмыгъэпэщыжми, куэдрэ кьохъу си благъэхэм, Іыхьлыхэм, ныбжьэгъуэхм я гуфІэгъуэр яхуэсІэтыну сыщагъэбгъэ. Апхуэдэу зи дэрыхь къызэзыгъэзэхэм, дауи, пщІэнщэу я гуфІэгъуэр худогъэдахэ, - жеІэ Алим.

Нэхъ дэзыхьэхыр сурэт трихыныри, музыкэм, видеом, сурэтым щелэжь «Ритм гор» зыфІица студиер къызэІуихащ. Іуэхущапіэр зейхэр артист куэдым ядолажьэ, куэд щІауэ утыкум итхэри щІэзыдзагъащІэхэри къызэщІаубыдэу. Абыхэм уэрэдхэр хуатх, клипхэрхутрах, концертхэркъыхуэзрагъэпэщ, уэрэджыакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ пшыхь зэхуэмыдзэкм хагъэхьэ. Сценэм итыну зи хъуэпсапІэ, ауэ зыбгъэдыхьэнур зымыщІэхэм чэнджэщхэр ират, ядоІэпкъу.

Композитор, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджыакІуэ Мамий Асльэнщ уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ яхуэзытыхр. ИлъэсищкІэ зэдэлэжьауэ, нэгъабэ Мамийм и пшыхь къызэрагъэпэщащ. Урысым зэрыжиІэмкІэ, а композиторым удэлажьэну щІэтынышу уэрэдым и жанр зэхуэмыдзэхэм зэрыпэлъэщырщ, щІалэгъуалэм нэхъыжьхэми зэрызадригъэкІуфырщ. Мамий Асльэн артистхэм яхуитха уэрэдхэр оранжировкэ ящІ Алажэ Русланрэ Тарчокъуэ Алимрэ, нэгъуэщІ композиторхэми ядолажьэ. Уэрэд куэдым макъамэ щІелъхьэ пшынауэ Дудар Асльэн. Духовой уэрэдхэм макъамэ щІэзыпльхьэр Урыс Светланэщ. Апхуэдэу я деж щылажьэхэм ящыщщ накъыращэ Увыж Анзор, нэхъыбэм Булатов Джам щІэ леймкІэ яцІыху артист Джаурджий Жамболэт.

Видеостудием и режиссёрыр икІи и операторыр Дзу Муратщ. Я лэжьыгъэм щІэупщІэ и куэдщ, Іуэхуэрэ и мащІэкъым. «Ритм гор» гупым и лэжьакІуэхэм зыхуеину Іэмэпсымэхэр яІэжщи, нэтынхэри рекламэхэри ягъэхьэзыр. Іуэхущапіэм екъуІэныгъэфІэхэр иІэщ, и зэфІэкІым хегъахьуэ, зежъ.

- ЗэфІэкІ ямыІэу, ауэ утыку итыну щІэхъуэпсэр мащІэкъым. Апхуэдэхэм нехьэкІ-кьехьэкІ хэмыльу допсалъэ, зэман ямыгъэкІуэду, нэгъэщІ Іэщ Іагъэм къытеувыІэн хуэдэу. Ауэ щыІэщ макъамэм хуемыджауэ, ауэ зэфІэкІышхуэ зыдэплъагъуэхэри. Апхуэдэжэн дадоІэпкъу я зэчийр къызыкІуахьинымкІэ, утыку ихьэнымкІэ. КІэщІу жыпІэмэ, зызыужьыну, зи зэфІэкІым хэзыгъэхуэну зи мурадхэм я къежьапІэщ ди Іуэхущапіэр, - жеІэ Алим.

Іуэхущапіэр нэхъыбэу зыдолажьэ артистхэм я щІэ къитІуэмэ, ахэр Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэпэдж Светланэ, Аслъэн Іэсият, Цокіыт Азэмэт, Шал Хьусен, Третьяк Татьянэ, Осетием щыщ Царикаевэ зэшыпхъуэхэу Альбинэрэ ФатІимэрэ сымэщ. Иужьрейхэм «Бадолэ» уэрэдым и клипыр хутраха нэужь, ахэр нэхъыбэм къаІыхуащ, адыгэбзэкІэ уэрэдхэр жаІэ хъуащ. НэгъуэщІ республикэхэм я артистхэми ядолажьэ. КІэщІу жыпІэмэ, «Ритм гор» гупыр зыдэмыпэжьа артист республикэм искъым.

Урыс Алим зэрыщІыкІыгъэ зыщІэхъуэпс нэгъуэщІ зы Іуэхугъуи - киноиндустриер, фильм трихыныр - иджыблагъэ кьехьулІащ. Абы къызэрилъытэмкІэ, иджыри къэс ящІа Іэжьыгъэр кьахуэщхьапащ кино трахыныкІэ. Илъэс кІуам щІалэгъуалэм яхуэгъэзэа «Любовь не за горами» я япэ художественнэ фильмым елэжьащ. Ар Москва, Псыхуабэ, Черкесск, Владикавказ, Грознэ, Налшык кьалэхэм щытрахащ. Фильмым лЫхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр щагъэзэщащ Унэж Муратрэ Гуо Назимэрэ. Мурат Черкесск щыщщ, и ІэщІагъэкІэ сурэтыщІ цІэрыІуэщ. Актёр Іэщ Іагъэм хуемыджами, ар зэчийфІэщ, зэфІэкІ зэриІэр кьиГъэлъэгъуащ. Гуо Назимэ Налшык и гимназие №14-м щоджэ. Ар фильмым щыджэгуа нэужь, «КъБР-м и пщащІэ тхьаІухуд-2014» зэпеуэм щытекІуащ. Фильмым хэтщ зи Іэщ Іагъэкі фитнес -тренер, «Эльбрус-экспресс» КВН командэм щыджэгуу щыта Жырыкъ Марат (Налшык), концертхэр, нэтынхэр, зэхьыхьэхэр езыгъэкІуэкІ, а командэм щыджэгуа Кочубаев Къазбэч (Владикавказ), Москва щыщ, зи адэр режиссёр, езыри а лэжьыгъэм дихьх Паршутин Сергей, боксёр, иджы УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, телевидением и нэтынхэр езыгъэкІуэкІ Валуев Николай (Москва). Апхуэдэу фильмым щоджэгу дуней псом боксымкІэ и чемпионкъ Рогозинэ Наталье. Иджыри кином хэтынущ дуней псом къыщацІыху зы актёр. Алим зэрыжиІамкІэ, абы и цІэр зэкІэ щэхуу.

- Фильмым екъэлІауэ зэфІэдгъэкІа лэжьыгъэр хуабжьу сигу дихьащ. Абы лЫэныкъуэ куэдкІэ зыдэпсаІуэ. Си хъуэпсапІэхэм зымащІэкІэ салъэІэсауэ жьпІэ хъунущ. А Іуэхум дяпэкІи сыпыльыну си мурадщ, - жеІэ Алим.

Лэжьыгъэм и режиссёрри сценарийр зытхари Къумыкъ Мыхьэмэтщ. Продюсерыр Урыс Алимщ. Фильмым екъэІа лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІащ, Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм и кинотеатрхэм ящхуну хуагъэльэгъуэну я мурадщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● ЩІалэгъуэ

Урыс Алим

Иджыри къыкІэлъокІуэ

● Тхьытъыщ Іэ

«Кавказ: Невыдуманная история» - а фІэщыгъэм щІэт серие къыдегъэкІ Москва Мариерэ Викторрэ я тхыльтедзапІэм.

АБы ХАГЪЭХЬАЩ нэхъапэм я кьидэкІыгъэхэм хэмыхуа е зи бжыгъэр мащІэу дунейм кьытехьа лэжьыгъэ кІэщІхэр. Сериер нэгъуэщІхэм кьаззрыщхьэщыкІыр тхьытхэм я бжыгъэр щэм зэрыщІимыгъурщ. Нэхъыбэу зыхуэгъэзари тхьэдэжхэрщ.

Иджыкіэ плІы кьидэкІащ: «Словарь географических названий высокогорного Кавказа», «Словарь горных названий Кабардино-Балкарии», «Кровавый след», «Суровые склоны Кавказа» **«Словарь географических названий высокогорного Кавказа»**.

Совет альпинист цІэрыІуэ Рототаев Павел Сергей и къуэр илъэс зыбжанэкІэ елэжьащ Кавказым ибгъэм я цІэхэр щыІэхуэхьэса псалъалъэм. Совет альпинизмэм техуауэ я щхьэкІэ щыта «Побежденные вершины» сборникым 1961-1964; 1968-1969; 1975-1978 гъэхэм къытехуа тхьГъэхэр иджы бГъэтэжыкІрхьм. Мы къыдэкІыгъуэм ахэр псори щІэзэхуэхьэсащ. Къытезыгъэзэж, мыпэж хагъэхьакъым. Республикэхэмрэ областхэмрэ я фІэщыгъэхэр иджипсту зэрыщытым хуэдэу къыщІыхьащ.

«Словарь горных названий Кабардино-Балкарии».

Рототаев П. С. и лэжьыгъэр 1969 гъэм «Эльбрус» тхьылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ. Абы иужькІэ ар дунейм къытехьакъым. ЩІэрыщІу къыдагъэкІыжа тхьылъым фыкъыщеджэфынуц илъэс 45-рэ и пэкІэ Рототаевым игъэхьэзыра пэублэ псалъэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, илъэс хуэдизкІэ щІыпІэщІэхэм елэжьащ, ахэр зэхуихьэсын папщІэ, яхуэзащ щІыналъэм щыпсэухэм, щІэныгъэлІхэм. Тхыдэ, псалъалъэ литературэхэр щІиджыкІащ.

Тхылъым ихуащ Къэбэрдей-Балъкъэр ибгъэм, абы пэрыонэгу щІыпІэхэм я фІощыгъэхэр, я лъагагъыр, бгым япэу дэкІахэм я цІэхэмрэ щыдэкІа илъэсымрэ махуэмрэ.

Котляров зэщхьэгъусэхэм мы тхылъыр фэеплъ хуащІ Кавказым и щІыпІэщІэхэр зэхуэхьэсыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зыщІа Рототаев П. С.

«Суровые склоны Кавказа».

Иджыльыз зыпплъыхькІуэ щІэрыІуэ, щІэныгъэлІ, журналист Балдеви Джон Фредерик (1854-1940) Кавказым зыбжанэрэ щыІащ, и дневникым щІэзэхуэхьэсахэр томитІ хъуэ хъыщыдэкІащ «Оксфорд юниверсити пресс» тхылъ тедзапІэм (Лондон, 1940 гъэ). Урысыбзэкіэ «Суровые склоны Кавказа» жиІэу аращ тхылъым фІищам кьикІыр.

А тхылъым напэкІуэцІ куэд щахуэхащ осетинхэмрэ балъкъэрхэмрэ. Балдеви Д. Ф. 1902 гъэм щыІащ а лъэпкъхэр щыпсэу щыІнальэхэм. Абыхэм ятеуухэр тхылъ тедзапІэм и лъэныкІэ урысыбзэкІэ зэридзэкІащ Москва юристу щылажьэ Глашев Ахъмэт.

«Кровавый след».

Тимур щІакъуэкІэ, европейкэр Тамерланкіэ, зэджэу щыта дзэзешэ цІэрыІуэр зэгуэр здэщІа Кавказ Ищхъэрэм, иджырей Къэбэрдей-Балъкъэрым, лъэужьи къыщинащ.

Зэхэуэхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм ятеуухуащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я лэжьыгъэр.

Тхылъым и гуэдзэным хагъэхьащ Тарасов А. Н. 1938 гъэм Дон Іус Ростов щыщдигъэкІа «Тимур на Кавказе» повестым щыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэхутакІуэ цІэрыІуэ Кузнецов В. А. къыззрилъытэмкІэ, ар зытхар археолог, этнограф, тхыдэдж Дьячков-Тарасовщ.

«Кавказ: Невыдуманная история» серием иджыри пащэнущ.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● ЗэІущІэхэр

Дуней дахэ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрыриКъуам теухуа зэІущІэхэр иджыри ирагъэкІуэкІ Іуэхущапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

НАЛШЫК дэт 25-нэ школми а махуэшхуэр Іэтауэ щагъэлэпІащ. Зэхьхьэр ягъэхьэзырат пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэхэу Лобановэ Ларисэ, ТишкІэ Оземэ, Мирзоевэ Светланэ, Лазуткинэ Светланэ сымэ. Нобэ дызытет дуней дахэр ди зауэлІхэм зэрафІыщІым и дамыгъэу кьурр, дыкъэзыхуэреихь щІымрэ тхьэрыкІуэ цІыкІухэмрэ кьызыхэщащ пычыгъэхэр кьагъэльэгъуащ цІыкІухэм. КІынэмыщІауэ, пшыхьым уэрэдхэр щыжаІащ, кьафэхэр щагъэззэщІащ.

Зэхьхьэм и кІэуэху «ТекІуэныгъэм и махуэ» уэрэдыр жаІащ, хьэрэкІытІэхэр, шархэр, тхъэрыкъуэхэр ягъэльэтащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● Аруан щІынальэ

«Адыгэ псалъэр» и лъабжьэу

Гъэ ежьэгъуэр щиух мазуэхэм ирихьэлІэу Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №6-м щагъэльэгъуащ «Шэриззэт» спектаклыр.

АБы ЛЪАБЖЬЭ хуэхъуат «Адыгэ псалъэ» газетым тета зы хъыбар пэж. Ар зи гум дыхьа, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдж Къущхьэ Ритэ классым щІэс цІыкІуэхэм абы къахуеджэри, диктанти яригъэтхыжащ.

Зи щхьэгъусэр зауэм хэкІуэда Шэриззэт тегужьеикІауэ ипІа и щІалэ закъуэм унагъуэ зэриухуэу, анэр яжьыкІэфэкІэхэр щапІыж унэм ираташ. АрщхьэкІэ, куэд мыщІэу, къыкъуэкІащ нанэ яІэну зи нэ кьикІ нэгъуэщІ зы унагъуэ. Шэриззэт абыхэм яІэри, и нэхъыжьыфІу къальытэу, пщІэ къыхуащІу ягъэпсэуащ и къуэм и щыуагъэр къыгурыІуэжыху. Абы анэр къыльыхуэжащ, анэпсэми быным и щыуагъэр хуимыгъэгъун хузэфІэкІакъым.

Бынымрэ адэ-анэмрэ яку дэлъын хуей Іэфіагъым, гущІэгъум, гулъытэм, абыхэм хуэщІын хуей гущІэм щІэблэр кьыхуеуэдыжа мы хьэбарыр спектаклу щагъэувыжащ Тхьэгъэлэдж ФатІимэ зи унафэщІ школ театрым икІи удихьэхыу абы щыджэгуагъэхщ Жыгун Іэминэ, Маргъущ Каринэ, ПІащ Алинэ, Къущхьэ Марьянэ, Агъу Алим, Къэмбэчокъуэ Аслъэн, Архэст Дианэ, Іэзычэ Динэ, Жэмырзэ Къантемыр, Бейтыгъуэн Руэланнэ, Тэрчокъуэ Миланэ, Къэжэр Щамил сымэ.

Гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зиІэ спектаклыр зыгъэуцуэхэми абы щыджэгуахэми фІыщІэ ин хуащІащ ЕгъэджэныгъэмкІэ щІыналъэ управленэм кьыбгъэдэкІыу.

КИМ Надеждэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ адыгэхэм я щыгъуэщІэж махуэм теухуа пшыхь. Абы къыхьэлІат Тырку республикэм къикІыу КъБР-м къэкІуа ди лъэпкъэгъуу 100-м щигъу, университетым и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ. КъБКъУ-м и щыхьэпІэ хуитышхуэм дех хьэщІэхэм кьащыпежьащ еджапІэм и унафэщІэхэр, студентхэр.

Псэм и узыр кІыжыгъуей?

ПШЫХЬЫР ягъэхьэзырат Филологие институтым Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ ІуэрыіуатэмкІэ и кафедрэмрэ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрымрэ. Ар зэхуэхуэнат зи хэку зрагъэбгІна адыгэхэм ятеуухэ гъыбзэрэ усакІэ, хъыбарр ягукъэкІыжкІэ. Видео тепльэгъуэхэм уи нэгу кьыщІагъэувэжырт адыгэм и тхыдэ гуузым и напэкІуэцІкэр. Епщыкіубгъуанэ лІэщІыгъуэм ди лъэпкъым кьытепсыха насыпышагъэр Іупщіу кьызыхэщыж хъыбархэр, уэрэдхэр, гъыбзэкэр яГъэзэщІащ КъБКъУ-м и студентхэмрэ «Амикс» уэрэджыакІуэ гупым хэт нЫбжьыщІэхэмрэ.

Сыт хуэдэ упщІэми жэуап кьыхуэбгъэтынщ, ауэ лъэпкъым и гум щыщІэр, и гухэпльэр щызэ кьыпхуэІуэтэнуськым, щІыхупсэм и къэІуэтакІэ литературэр хэмыту, уэрэдыжьхэмрэ гъыбзэкэмрэ уащІмыдэІуэ. Пшыхьым и кьызэгъэпэщакІуэхэм ар фІыуэ кьагурыІуэрти, Іэкіуэльакіуэ кьагъэсэбэпащ адыгэ литературэм щыщ тхыгъэхэр, тхыдэжхэм я лэжьыгъэхэм щыщхэр.

Мэз Маринэ ихтауэ «Ирашт си лъэпкъыр си Хэкужь» усэр, Багъ Яшар и «ДэшэхыгъуафІэ дыхъуат», Бемырзэ Мухьэдин и «Адыгэ лъэпкъ», Хьан Исмэхьил и «Дынэкіуэжынущ зэкужьым», Бецкотхуэ Хьэбас и «Уэ уадыгэщ» усэхэр, Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романым щыщ пычыгъэр, Иорданием щыщ адыгэ тхакІуэ Эзхьрэ Омер и «Сосрыкъуэ и кІуэдыкІар» романым щыщ пычыгъэр кьрихьэлІахэм я гум щІыхьэу, я нэпс кьригъэкІуэу ягъэззэщІащ Мэз Маринэ, Щоджэнщ Іыкіу Алим, Шыдакъ Роксанэ, Джэду Сэкинат, Ахъуэхъу Бесльэн, Сэбаншы Аслъэн сымэ, нэгъуэщІхэми.

Псом хуэмыдэу гукъинэ ящыхьэхуэ фащэ зэщхьэхр ящыгъыу щІалэ 12 утыкум кьыщихьар. Абы-хэм я фащэхэм вагъуэ зырыз, лъэпкъым и цІэр тету, тещІыхьат. Адыгэ лъэпкъ 12-м я цІэхэр гъуэрыгъуэурэ кьраІуэурэ абыхэм псэупІуэ яІамрэ ди зэманым яІэ щытыкІэмрэ кІэщІу тепсэльыхьащ. Бемырзэ Мухьэдин и усэм и пычыгъуэхэм щІагъэбдащ щІалэхэм я псалъэхэр:

Адыгэ лъэпкъым и лакъуэ
пщыкІуті,
Іэпкъльэпкъыу цІыхум фэ
фхуэдизщи иІэр,
Зыгуэр фыхэщІу и гур ивмыуд,
Фи псэунигъэр гурыфІыгъуэу
зиІэм.

Иужьрей илъэсхэм КъБКъУ-м лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ дунейм щикъуэха ди лъэпкъэгъуэхэм якІ дэпІэ зэпыщІэныгъэр гъэбыдэным теухуауэ, дызыхэпсэукІ зэманым декІуу ди щІэблэр гъэсэным ехьэлІауэ. Абы и щыхьэтщ хамэ хэрдал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу университетым щеджэм я бжыгъэм кІэу пэтми зэрыхэхьуэр, абыхэмрэ ди хэкуэгъу щІалэгъуалэмрэ я зэныбжьэгъуэгъэм и плъыфэхэр кьапщІэу нэхъыбэ зэрыхъур. Хэхэсу кьэхъуа ныбжьыщІэхэр Налшык щеджэну, Іэщ Іагъэ зырыз щызрагъэгъуэтыну къэкІуэжами, щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щытыр лъэпкъым, Хэкум, анэдэлъхубзэм нэхъ гъунэгъу зыхуащІыну зэрыхуейр зэрыарар псомэ къагуроІуэ. Зи гугъу тщІы пшыхьми щыхьэщІэу щымыту, адрей студентхэм ядэщІыгъуу утыкум итащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я кІыкІыжа ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэр, я анэдэлъхубзэкІэ я гурыгъу-гуузщІэхэр кьаІуатэу, лъэпкъ щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрахъумэфам и щыхьэту, я кьэкІуэнур зэрыддахэм щэн къытрамыхьажу.

- Псэм и узыр кІыжыгъуейщ. Ауэ цІыхур щІыхуу щытынтэкъым, гуэкІыжьыкІ имыІатэмэ, и блэкІам уеблэкІыжу щымытамэ. Нобэ зи гугъу тщІы гуаузшхуэм ди пащхьэ кьригъэуІуэ упщІэхэм жэуап яхуетыну щытыкъым литературэми Іуэрыіуатэми. Ауэ абыхэм яхуэзфІэкІынущ блэкІам и дерсхэм ягъэнэІуну. Абы хуейщ, лъэпкъыр псэун, и хабзэмрэ и бзэмрэ ихьэмэжьын, щІэблэр хуэпсапІэ ЛъагэхэмкІ хуигъэушын папщІэ. Ахэращ нобэрей ди литературэ-макъамэ гъэльэгъуэныгъэм и кьаІэн нэхъыщхьэу щытари. ФІыщІэ ин яхудощ адыгэ тхыдэм и напэкІуэцІ жагъуэхэм ящыщ зым ди гъусэу пхрыпІыжьажэм. Зы лъэпкъи и нэгу щІремыкІ апхуэдэ гукъэутэ. Зы цІыхуми и псэм кьытремыхуэ апхуэдэ удын, - жиІащ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрым и унафэщІ Езаузэ Мадинэ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Хьэщ Іэхэр КъБКъУ-м къэсащ.

Пшыхьым щІедзэ.

● Къэрал Іуэхущапіэхэм

Арэзы зытехъуахэр

Тезырхэр егъэпшынынымкІэ федеральнэ кьулыкъым и унафэщІ Корниенкэ Геннадий Іэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ ведомствэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. Абы и унафэщІ Мэрэкъуэ Мухьэмэд щІыгъуу ар щыІащ тезыр ткІий зытралъхьахэр щаІыгъ колание №3-м, следственнэ изолятор №1-м, ведомствэм и санаторэ Киров С. М. и цІэр зезыхьэм, Урысей ФСИН-м и Управленэм.

ИК-3-м щыгъуазэ зыщащІащ ягъэтІысхэр лэжьыгъэкІэ, медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кьызэрызэгъэпэщам. Федеральнэ кьулыкъым и Іэтащхьэр щыІащ тезырхэр нэхъ тыншу щрахьэкІ гупым, дэрбзэрхэм я цехым икІи абы щылажьэхэм епсэльащ. Тэмэму къилытащ тупнакъэр щаІыгъ пэшхэр, колониеи щызэфІах медицинэ хуэІуэхуэщІэхэр зыхуэдэр.

Урысей ФСИН-м медико-санитар кьызэгъэпэщныгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и кьаІэнхэр пІаІъэкІэ зыгъэзащІэ Приклонский Александр мыІейуэ кьиІытащ медицинэ Іуэхущапіэхэм я лэжьыгъэр. Кьэхуикъэщащ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным, медицинэ лэжьыгъэр лицензэм щІэтэуэвэным гулъытэ хэха зэрыхуэщІапхъэм.

Корниенкэ Геннадий илъэгъуар кьызэрыщІхуам и гугъу щищІым, кьыхигъэщащ куэдым арэзы зэрищІар, ауэ зэлэжьыгъэхэм зэрыщІэр. Иужьрейхэм ятеуухуэгъэ кьаІэн пыухыкІахэр яхуигъэбелджылащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ.

● ХъыбарегъащІэхэр

Адыгэ Академием къыхелъхьэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием зэпеуэ къыхелъхьэ 2015 гъэм член-корреспонденту, действительнэ члену къищІэнуэхэм папщІэ:

ЩІДАА-м Математикэ щІэныгъэхэмрэ наноинформационнэ технологиехэмкІэ и къудамэм - зы действительнэ членрэ член-корреспонденту тІурэ, Физикэ щІэныгъэхэмкІэ къудамэм - зы действительнэ член, Энергетикэмкіэ, машинэуэу, механикэмрэ управленэ Іуэхуэхэмкіэ къудамэм - зы действительнэ член, Медико-биологие щІэныгъэхэмкІэ къудамэр зы действительнэ член хуэныкъуэщ.

ЩІДАА-м и пресс-центр.

«Зэрыджэ плъыжьым» фрегъэблагъэ

Налшык къалэ и Эльбрусскэ уэрамым гуфІэгъуэ пшыхьэр щрагъэкІуэкІ «Калина красная» уардэунэ, тІысыпІэ 600 иІэу, къыщІэзэІуахащ. ХьэгъуэлІыгъуэхэр, зэхуэсхэр, зэхьхьэ хьэлэмэтхэр абы щІэзэхащІэ, кавказ, европей шхыныгъуэхэр Іофіу щапщэфІ. И лэжьакІуэхэр гуапэщ, цІыху къэс бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ хуаІэщ.

Махуэ къэс зэхуэсыпІэм ерыскъы хэпльыхьа-гъэщІэрэщІаХэр егъэхьэзыр, шхыныгъуэхэребгъэпщэфІу кьыздэпщтэжи хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьакіэмыкъыу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьэбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэлэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъуэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эльэ, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Афэ Тамарэ (2, 4-нэ нап.), Щоджэн Инэ (1, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу Мырзэкан ФатІимэ. КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбакъуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №948